Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 28 март Рузман № 16 (7886) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## ХIурматиял районцоял!

Гьале ахиралде щвана хирияб рамазан моцI, баркула нужеда тIаде щолеб тIолго бусурбабазул байрам-гIидалъул къо. КIалбиччаялъул гIидалъул къо ккола гIадамал цолъизарулеб, инсанасул рахIму буголъи ва лъикIлъи бихьизабулеб байрам.

Аллагьас кири цIикIкIараб хьван батаги ккурал кIалазухъ, гьабураб гIибадаталъухъ, рарал таравихIалъул каказухъ, бахъараб закагIатсахIалъухъ. Бальгоял тIабигIиял балагьаздаса, рагъ-кьалалдаса цIунаги.

Биччанте байрамалъ нужер ракIал цолъизе, цоцаздехун адаб-хIурмат цIикIкIине, гьудуллъи ва рокьи бижизе.

Гьарула киназего рухIияб цебетIей ва лъикIлъиялъ гвангъизабураб талихIаб гIумру. Аллагьас гьаб хирияб моцIалъул баракатги тIаса унгеги нилъеда.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Районалъул нухмалъулев Агъвали росдал вакилзабигун дандчIвана

-26 марталда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул хIалтIулаб кабинеталда букIана Агъвали росдал жамагIаталъул вакилзабигун гьесул дандчIвай. Гьенир гIахьаллъаразда гьорлъ рукIана Агъвали росдал бетIер Загьид Загьидов, росдал мажгиталъул имам Юсуп ХIажиев, спорталъул ветеран ГIадурашид Багьавдинов, жамгIиятчагIи Багьавудин Багьавдинов, ХIусен Билалов ва цогидалги. ДандчIваялда гьоркьор лъурал суалазул аслиял, кидаго гIадин, рукIана социалиябгун экономикияб рахъалде кIвар буссинабурал суалал.



Район гугарухъаби куцалеб къебельилъун кколелъул, цебесеб кьерда букIана райцентралда спорткомплекс баялъул суалги.

ГIадурашид Багьавдиновас, хуштадерил Кьенгьара авалалда дандбитIун гIурул рагIалда бугеб расалъиялда агъвалисезул, кIочIалисезул абун батIа гьабичIого, тIолго районцоязе пайда босизе букIине жиндирго сурсатаздасан спортивиябгун хIухьбахъиялъул база базе бугин рагIи кьуна.

-ГIадада гурелъулха абулеб спорт-ракълил чапар бугилан, гьединлъидал пикру ккана гьеб суал нужгун дандбазе ва нужер пикруялъухъ гIенеккизе,-ян абуна ГIадурашидица. Хьул бугин гьелъ квербакъилин районалда спорт жеги цебетIезе ва социалиябгун экономикияб рахъалде дагъабниги бутIа лъелин абуна гьес жиндирго кIальаялъул ахиралда.

Загьид Загьидовасги бицана гьоркьоса кьотIи гьечIого агъвалисезе лъим чIезабиялъул ва росдал кьватIазда хьилгун бетон тIеялъул суалазда тIад хIалтIулеб бугин росдал администрация депутаталгун ва жамагIатгун цадахъилан.

Шамил ГIумаровасги рахъ ккуна ГIабдурашидил пикруялъул ва абуна халкъалъул яшав лъикIлъиялда, районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялда тIад хIалтIи бугин жиндир ва жинда сверухъ бугеб аппаратаълъул аслияб масъала абун.

-Жиндирго хIалтIудаса ва гьелъул хIасилалдаса рохел букIине ккола инсанасе. ХIалтIуде - вохун, хIалтIудаса-чIухIун ине ккола нилъ, щайгурелъул, дур хIалтIул кумек лъие бугониги хIажалъани, гьелдаса пайда босани, нилъер къо гIадада ун гьечIо ва ракьалда гьитIинабго бугониги лъалкIги толеб буго цогидазе мисалалъе,-ян абуна дандчIваялъул ахиралда районалъул бетIерас. -Гьадинал дандчIваязгун жидерго пикраби загьир гьарулел гара-чIвариз щулалъизабула хIукуматалъул хIалтIухъабаздехун халкъалъул божилъиги.

ДандчIвай ана пайдаяб, киналго разияб ахIвал-хIалалда.

**Райадминистрациялъул пресс- хъулухъ**

## Благодарность за поздравление с днем рождения

Добрый день, уважаемый Шамиль Абдулаевич!



Ваше подытоживающее мою сущность и деятельность в краткой и очень четкой форме резюме-заключение меня даже больше обрадовало, чем мой собственный день рождения! Мне еще очень приятно, что оно Вами написано от имени талантливого народа Цумадинского района, будучи ответственным руководителем этой горной части известного теперь во всем мире Дагестана! Тут к раскрытию моих действий очень уместны слова Расула Гамзатова: «Овечка родилась, быка режут». Впервые в жизни свой день рождения я отметил благодаря Абдулхабирову Магомеду, когда он, студент 4-го курса ДМИ, пришел ко мне, к первокурснику, для поздравления. Мы с ним, как односельчане отметили это торжественно, состаканом минеральной воды «Махачкала» в руках и с яичницей из натуральных куриных яиц в сковородке.Так было просто раньше, теперь мы изменились…

Мне очень трезво понятно, что мой непосредственный вклад в развитие нашего района-мизерный. Однако… мне и другим доставляет огромное удовольствие, когда наши пациенты от нас уходят в более бодром настроении с обнадеживающим их безболезненным будущим - сиюминутным или отсроченным ожидаемым периодом их лечения и реабилитации. Выздоровление и даже улучшение состояния наших пациентов - самый значимый и весомый подарок для признания важности и необходимости в жизни членов нашего дорогого нам человеческого окружения. Вот с таких позиций я рассматриваю свой 80-летний прожитый период жизни.

Я - пока еще живая частица нашего горного Цумадинского района с радостными и счастливыми моментами жизни при улучшении состояния своих пациентов и длительными периодами тоски и сопереживания, при неудачном или безрезультатном их лечении. Однако, меня закалили, мне привили лучшие качества (если из этого что-нибудь проявляется наружу), мой родной цумадинский народ и их порядочные и высоко эрудированные представители: гений Абдурахманов Сажид из села Нижнее Гаквари и двоюродный брат моего дедушки Великий Абулмуслим из села Верхнее Гаквари. В течение трех лет они в вечернее время давали мне уроки арабского языка и даже подкармливали меня. Я учился в 8-10 классах в Нижнегакваринской средней школе и жил в интернате. В школе меня обучали гости - Учителя из Москвы и других регионов России под строгим контролем и присмотром Закарьяева Расула. Школа меня, 17-летнего мальчика, направила в Дагестанский медицинский институт с первой в районе Золотой медалью. Я в жизни не видел своего родительского очага с папой и мамой, больше меня воспитали две бабушки, а еще больший вклад в воспитание внесли все, окружавшие меня цумадинцы. Я всем им благодарен и старался их не подводить, что, конечно, не всегда удавалось…

Цумадинский, Цунтинский и Тляратинский районы в мои молодые годы почему-то считали относительно отсталыми районами. Однако талантливых людей там просто не перечесть: их было много в каждом селении: Шапигаджи Абдулаевич, Бадави Саидович, Хандула Ашикович, Юнус Сулейманович, Марьям Муслимовна, Халимат Супьяновна (это только те,с которыми мне удалось близко общаться). А какие были Учителя из России! Супер! Где Вы слышали проведение утренней зарядки школьников под духовой оркестр-Только в Агвалинской средней школе. Где регулярно каждый год проводятся районные спортивные соревнования в майские праздники? - Только в Агвали. А концерты художественной самодеятельности? - К сожалению, уже их нет. У нас есть известные в мире спортсмены, поэты, художники, скульпторы и др.

Дорогой Шамиль Абдулаевич! Я изложил Вам только лишь отдельные направления нашей деятельности. А Вам досталась тяжелая ноша: Вам необходимо развитие района во всех видах жизнедеятельности человека. Я, как педагог с большим 52-летним стажем вижу в Вас много талантов. Они раскрываются в разные периоды и у каждого по-разному: у одних революционно, у других - эволюционно. Помогает всегда при этом накопленный опыт. Прежде всего желаю Вам крепкого Здоровья (с большой буквы написал не ошибочно). Ваш успех во многом определяется успехом каждого из нас. Мы приложим все усилия к тому, чтобы мы вышли в наш народ единым оркестром, дирижером которого являетесь Вы! Желаю Вам успехов в Вашем благородном деле!

**С глубоким уважением и благодарностью,**
**Алигаджи Цумадинский.**

## Халкъалъе хIалтIи- захIматалъул къануналги цIунун

19 марталда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь гьесул хIалтIулаб кабинеталда тIобитIана законияб гуреб къагIидаялда гIадамал хIалтIиялда (нелегальная занятость) дандечIеялъул суалал рорхараб, хIукуматалъул батIи-батIиял идарабазул вакилзабиги гIахьаллъараб дандельи.

Тадбир рагьана Шамил ГIумаровас ва бицана гьабсагIат гьеб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Районалъул бетIерас борхараб суалалда сверухъ жидерго пикраби загьир гьаруна жанисел ишазул райотделалъул нухмалъулев Камал ГIабдулхIакъовас, райадминистрациялъул экономикияб отделалъул нухмалъулев ТIагьир МуртазагIалиевас, Агъвали ва КIочIали росабазул бутIрул Загьид Загьидовасгун Рамазан ГIабдусаламовас, предпринимательствоялъул специалист МухIамад КъурамухIамадовас. Гьезул пикру цолъана предпринимательствоялда жаниб бальгояб хIалтIуде данде рагъ базе ккани, киналго идарабазул, хасго жанисел ишазул отделалъулгун налогазул инспекциялъул цадахърекъараб квакIараб, тамихIалде цIалеб, хIалтIи букIине ккеялда.

«ХIукуматалъул киналго гIуцIалабазул цадахърекъараб кьварараб хIалтIуца гурони нелегалияб бизнесалда ва хIалтIухъабазул ихтиярал цIуниялда сверухъ гьабулеб хIалтIуца лъикIал хIасилал кьоларо»,-ян абуна дандельиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас киналго гьеб суал роцIцIинабиялдеги ахIун.

Дандельиялда къабул гьарурал хIукмабазул аслияб масъала ккола къанунал цIунараб захIматалдалъун гIадамал хьезари ва хIалтIи кьолес хIалтIуде восулесул захIматалъулал ихтиярал цIуни.

**Райадминистрациялъул пресс- хъулухъ**

Сахаватлъи

# Авал мажгит бана

Ахираб заманалда гIемер рагIула Украиналда унеб рагъда чIварал гIолохъаби абадиялъго халкъалъул, хасго гIун бачIунеб гIелалда ракIазулъ хутIи мурадалда гьезул гIагарлъиялъ хваразул цIаразда нухлул рагIалда гьитIинал кьулгIаби



яги росабалъ мажгитал ралел ругин абун. Улбузулгун гIагарлъиялъул бухIараб магIил гIоразул лъималъ буцараб хIарщалъ цоцалъ бухьинабураб гамачIгун кирпич бихьидал, гамачIгIан квакIарал чармил ракIазул, хвалил бадире руссун ватIаналъул тIадкъай тIубазе арал гIолилазул сипатал цере чIола: цоял михъида хIур кIутIичIел, цогидал-метерсезе кIудаэменаллъун рахъизе хIадурлъулел, лъабабилел-гьанжего гьанже хьизан-лъималазда ракIгъун, магIишат-яшав гьабулелъусан рахъун арал.

**Огь, эбелалъул ракI, бухIараб магIица чурун туричIеб…**

Жидеца рарал кьулгIабаздагун мажгитазда как баралщиназул дугIабазулъ жидер лъималазулги цIарал рехсезе рукIиналъ ургъун бахъараб дагьабго хIалхьи жидерго ракIазе кьезе хIаракат бахъулел мугIрул руччаби…

Амма жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго мажгит балеб мехалъ кинабгIаги рагъги букIинчIеб заманалъ, талихIкъосараб иш ккун (машина тункун) Аллагьасул къадаралде щварав анцIила микьилъ вукIарав тIинав гIолилав, Инхокьвариса ГIусман МухIамадовасул цIар кьураб гьитIинабго авалмажгиталъул.

Щибго букIинчIо доб кьоялъги Садикъил рокъоб, букъараб зар гIанаб эбелалъул гуребги, кинабго дунялалъул бакIлъи сихIтун жинца баччулеб инсул ракIалъеги пашманаб хабар щвей загьир гьабулеб гIаламат, иш-пиша. Ва амма, нилъеда ракIалда цо, Аллагьасул нилъедехун пикраби, хIисабалде росиял 9 планал-цогидалин абуларищха. БачIана гьеб кьогIаб хабар гьезул рагьдеги. МахIачхъалаялда гьаврав, гIолев гIолиласул абадияб рукъ даимлъана гIагараб Инхокьвари росулъ. Балагь цого бачIунаро. Вас вукъун лъабабилеб къоялъ магIирокъойго къадаралде щвана Садикъил кIудияй яц Лейлаги. Щварасда гурони бакIлъиги кьогIлъиги бичIчIулареб бакIаб гьир.

Аллагьасул хIукму гьукъун чIолареблъи лъикI бичIчIулев, лъалев Садикъида, жиндирго бакIал пикрабаз кодов восун вугел лахIзатаз рагIулеб



букIана аскIор гIодорчIун ругезул школлъималазе хасалил заманалда какил квал-квал кколеб бугин мажгит дагьаб рикIкIада букIиналъ ва гIемерисел я кватIизарун, я бачIого какгун хутIулел ругилан. Циндаго паркъана ботIролъ пикру: школалда аскIоб бала дирго васасегун яцалъеги тIолго хабал агьлуялъеги дугIа-алхIамги щвезе как базе гьитIинабго бакI, цо-цо мехалъниги цIалдохъабазги какги ахIизе абун.

Гьедин бараб буго ГIусманил цIаралда Инхокьвари росулъ васазе-ясазе батIа гьабун, кIиго тIалаялъул как балеб рукъ.

Садикъица баркала кьолеб буго жинда аскIор эхетарал тIолго росуцоязе жиндир пикруялъул рахьги ккурал, базе кумекги гьабурал.

-Росулъе щванщинахъ рекIее бигьалъи лъугьуна ахираталде аразул хабалазухъе щун, ургъел чучун вачIунаго яги азбаралда гIодов чIун вукIадго как базе рекерулел росдал цIалдохъаби рихьидал. Гьелъ кумек гьабула ракьалда цуледухъ бакIлъарал дирго пикрабазул гьиралъ кьулизавурав дун ва хьизан дагьалниги рохизе, нижер вас халкъалъулги ракIазулъ хутIун вукIин бичIчIизе,-янги абун, бералда ккевзе кIваниги, жанисан ракIалъ бухIун тIолеб магIуялъухъ гIенеккараб куц, Садикъ нахъойги жиндирго пикрабаз кверде восана…

Щвана бицен гьабураб авал-мажгиталде как базе, БетIергьанас къабул гьабун батаги. Аминь Аллагь. Какил шурутIал тIуразе киналго шартIалги чIезарун бараб берцинаб минаялъуб гьаб ункъо соналъ цIалдохъабаз бараб какалъеги гьабураб дугIаялъеги БетIергьанас гьабеги жаваб.

Аби гьечIищха, лъималазул дугIа къабул гьабулин БетIергьанасилан. Божи буго гьелда кIудияб. Гьединабго божигун, Аллагь разилъиялде хьулгун бараб какил рукъалъухъ балагьидал, чанцIулха жанисанго паркъараб «Огь, бетIергьан Аллагь, пакъир инсул ракI, эбелалъ гIадин, биччан гьаракьгун гIодизе рес гьечIеб букъараб зарлъун гуреб, бид бецIцIун, лъукъун, туризе хIадурлъун бугониги, хIал лъидаго лъазе жинца течIеб» абун пикру...

Аллагьас лъималазулгун улбул-умумузул дугIа-гьариги къабул гьабун, ахир лъеги Украиналда унеб рагъуеги, ракIазе бигьалъи кьеги къварилъи щваразул ракIазеги, жидерго лъималазе гIоло рарал мажгитазданги абадиялъ камугеги какил гьаракь.

**Хадижат Залимханова**

## Къилбаялъул агьлу




Макка-хIарамалъул хIисабги босун,
РакI унтун гIуцIараб Аллагьасул рукъ.
КагIба-рукъ тIупарал халичабазул
Хассал кескал седон къачIараб масжид.

Эбел- инсул рекIелъ ругънал лъун арав,
Расулил цIаралда бугеб хазина.
Халкъалъе сайгъатлъун дуца нахъ тараб,
Аллагь кIодо гьавун, гьабураб байит.

Аллагьас хIалбихьи дур гьабиялъе
Сабабгун рекъана васасул къадар.
Къадру дур борхизе ахираталда
Дуе ирслъун кьуна Аллагьасул рукъ.

РукIа, Багьавудин, дир диналъул вац,
Хъвараб къадаралда сабруги гьабун.
Гьудуллъун дуй кьурай хъизангун рекъон
РекIелгъей масжидгун цадахъги бикьун!

**МухIамад Якъубов,** Сильди росу

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Кеди» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 35,0 | 35,0 | 29,5 | 84,3 |
| 2 | Земельный налог | 3,0 | 3,0 | 1,5 | 50,0 |
| 3 | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | 1,5 | 21,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 5,6 | 140,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 55,0 | 55,0 | 55,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **104,0** | **104,0** | **93,1** | **89,5** |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1915,0 | 2180,0 | 2180,0 | 100,0 |
| 2 | Субсидия | | 180,0 | 180,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 159,0 | 159,0 | 159,0 | 100,0 |
| | Итого | 2074,0 | 2519,0 | 2519,0 | 100,0 |
| | Всего доходов | 2178,0 | 2623,0 | 2612,1 | 99,6 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1447,0** | **1525,5** | **1525,4** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1088,0 | 1073,5 | 1073,2 | 100,0 |
| 2 | ВУС | **159,0** | **159,0** | **159,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| 3 | ЖКХ | **410,0** | **789,2** | **789,2** | 100,0 |
| 4 | Культура | **132,0** | **129,0** | **128,2** | 99,4 |
| | в т.ч. зарплата | 99,0 | 99,0 | 98,2 | 99,2 |
| 5 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 2178,0 | 2632,7 | 2631,8 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1305,0 | 1290,5 | 1289,4 | 99,9 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Кеди» З.Абдулхабиров**

Врач разъясняет

# Профилактика глаукомы

**Глаукома-заболевание, характеризующееся длительным повышением внутриглазного давления и приводящее к прогрессирующей глаукомной атрофии зрительного нерва. Коварность данного заболевания состоит в том, что зачастую оно протекает бессимптомно или с незначительными клиническими проявлениями (периодически чувство песка в глазах, радужные круги при взгляде на свет, снижение зрения).**

**Последствия глаукомы необратимы - происходит гибель нервных клеток, передающих зрительную информацию от глаз в головной мозг, приводя к стойкой потере зрения и инвалидности. Пациент замечает снижение зрения лишь тогда, когда погибла уже половина нервных клеток зрительного нерва.**

**Глаукома** - это заболевание глаз, которое ведет к прогрессирующему поражению зрительного нерва. Она является ведущей причиной необратимой слепоты в мире. Главная опасность данного заболевания заключается в атрофии зрительного нерва, но ее можно избежать при помощи своевременной и качественной профилактики.



Зрительный нерв играет основную роль в процессе передачи информации от глаза к мозгу. Поэтому глаукома может привести к постепенной и необратимой потере зрения, а в итоге - к слепоте.

А самое страшное, что около 50 процентов больных глаукомой даже не подозревают о своем заболевании и впервые обращаются к офтальмологу лишь тогда, когда до 40 процентов зрительного нерва уже разрушено.

Потерянное из-за глаукомы зрение восстановить невозможно, поэтому важное значение приобретает ранняя диагностика и правильное лечение. На ранних стадиях с помощью эффективного лечения глаукому можно быстро стабилизировать и максимально сохранить зрение.

Высокое внутриглазное давление - это фактор прогрессирования глаукомы.

Чтобы не пропустить глаукому ранних стадиях, очень важно проходить регулярное обследование глаз. Глаукома - это коварное заболевание, которое может развиться незаметно на ранних стадиях. Зрение может казаться вполне нормальным, повышение внутриглазного давления не вызывает боли или видимого дискомфорта. Ухудшение зрения на одном глазу может компенсироваться хорошим зрением другого глаза.

Риск возникновения глаукомы повышается с возрастом. Поэтому регулярное обследование глаз необходимо людям старше 40 лет, потому что у людей старше 40 лет риск развития глаукомы возрастает, особенно тем, у кого есть дополнительные факторы риска глаукомы. На ранних стадиях с помощью эффективного лечения глаукому можно быстро стабилизировать и максимально сохранить зрение.

Точная причина глаукомы пока неизвестна. Существуют определенные факторы, которые могут повышать риск заболевания. У людей в возрасте 60 лет и старше по сравнению с людьми в возрасте от 40 до 50 лет распространенность глаукомы в 4 -10 раз выше. Наличие глаукомы у ближайших родственников увеличивает риск ее развития. Болезни сердца, диабет и высокое артериальное давление могут увеличить риск развития глаукомы.

Длительное применение стероидных гормонов внутрь или внутримышечно (например, преднизолон, бетаметазон, триамцинолон) повышает риск развития глаукомы.

Ранняя диагностика и лечение имеют решающее значение для прогноза глаукомы. Обследование на глаукому включает проверку остроты зрения и определение на сколько хорошо глаз видит на различном расстоянии; проверку полей зрения, оценку состояния периферического зрения; исследование глазного дна при расширенном зрачке; определение состояния зрительного нерва и сетчатки при помощи специального прибора.

Снижение внутриглазного давления - это главная цель лечения глаукомы. В процессе наблюдения лечащий врач оценивает, как глаукома меняется, как ваш врач может менять режим терапии.

Важно обратить внимание на то, что лечить глаукому придется постоянно, длительно. Курс лечения не ограничен во времени, он пожизненный. Существует широкий спектр вариантов лечения, которые помогут снизить внутриглазное давление. Каждый человек видит мир по-своему, и нет двух одинаковых больных, поэтому каждому больному лечение подбирается индивидуально.

Внутриглазного давления снижается с помощью глазных капель. Это метод чаще всего начинают врачи. При этом пациентам может потребоваться несколько препаратов чтобы поддерживать внутриглазное давление на низком уровне. Глазные капли эффективно поддерживают низкое давление и стабилизируют течение глаукомы. Лечение нельзя пропускать даже один день, это может вызвать скачок внутриглазного давления и ухудшить состояние зрительного нерва.

Для уменьшения внутриглазного давления применяется и хирургическое лечение.

Если глазные капли недостаточно эффективно снижают давление, может быть рекомендована операция. Главная задача хирургии - улучшение оттока жидкости внутри глаза и максимальное снижение давления.

Помните, глаукома - не приговор. При раннем выявлении, правильно назначенном лечении, наблюдении у офтальмолога можно остановить прогрессирование заболевания и ухудшение зрительных функций.

Рекомендуется проводить обследование на глаукому один раз в год гражданам старше 40 лет, и один раз в год при наличии факторов риска в возрасте старше 35 лет.

**Муса Саидахмедов,** врач-окулист

Динияб бокІон

# Баракатал ракІарулеб моцІ

Гьале ахиралде щолеб буго хирияб рамазан моцІ, бищунго лъикІал, талихІал лахІзатал - гІагарлъигун, гьудул-гьалмагъзабигун цадахъ рохалида тІамулел ифтаралги, сухІуралги, таравихІалги. Щивав бусурбанчияс хІаракат бахъулеб буго Аллагьасда цере лъикІал гІамалал гьаризе. ТІаде щолел руго Лайлатул къадр сордо жаниб бахчарал рамазаналъул ахирисел къоялги.



### КІал хвезабурасда гІакІа

Рамазан моцІалъул баракаталдаса кколеб къагІидаялъ пайда босун киназухъаго бажаризе рес гьечІо.

Сахлъиялъул рахъалъ захІмалъаби гьечІев чияс кІал ккола, рес рекъарас садакъаби гьарула. Амма багьанаби ратун кІал ккечІев чиясе гьеб бецІизе ва мунагьал чуризе рес кьун буго Аллагьас. Къуръаналда буго: «Я, иман лъурал гІадамал, нужее кІал ккей паризаяблъун гьабуна, нужеда цере рукІарал умматазе паризаяблъун гьабураб гІадин, гьелъ черхалъул хьул бекизе гьабулелъул, гьелдалъун нуж гІасилъабигун мунагьал гьариялдаса цІунизе».

Хадубги Аллагьас, кІал кколезе бигьалъи гьабун, абуна: «Нужее кІал ккезе рихьизарурал къоял руго. Унтарал яги сапаралда ругел гІадамазе кІал ккечІого тезе ихтияр буго. Гьезда тІадаб буго, риччарал къоял рецІун, гьезул бакІалда цогидал къояз кІал ккевезе. ЦІакъго херлъун яги сахлъиялде хьул гьечІеб хІалалъ унтун рукІун, кІал ккевезе кІоларел чагІазда тІадаб буго мискинал чагІи кваназаризе, гІакІа кьезе. КІал биччараб къо рикІкІун кьезе тІадаб буго гьеб. Жинца гІумру гьабун ругеб бакІалда гІемерисеб мехалда кваналеб жоялдаса кьезеги ккола гІакІа. Кьезе кколеб къадаралдаса цІикІкІун кьуни, гьеб гьесие лъикІаб буго» («Бакъарат» сураталъул тафсиразул таржама, 183, 184 аятал).

КинабгІаги гІузруги багьанаги гьечІого рамазаналъ кІал хвезабурав чияс гьеб бецІизе ва гІакІа кьезе ккола.

### КІал биччаялъул закат

КІал биччаялъул закагІат ккола черхалдасан бахъулеблъун. БоцІудаса бахъулеб закагІаталъ гьелда гьорлъе ккараб хъублъиялдаса гьеб бацІцІад гьабулеб гІадин, кІал биччаялъул закагІаталъ инсанасул напс бацІцІад гьабулин абула.

КІал биччаялъул закагІат тІалъула гІидалъул сордоялъул авал тІаде щвеялдалъун, ай рамазан моцІалъул ахирисеб къоялъул бакъ тІерхьиналдалъун. Гьеб къоялъ бакъ тІерхьунеб лахІзаталда чІаго дунялалда вугев, сордо-къоялъ жиндиего ва жинца напакъа кьезе кколезе бугеб кванидаса гьеб тІокІлъулев бусурбанчиясда закагІат бахъизе тІалъула.

Рамазаналъ чІагоги вукІун, ахирисеб къоялъул бакъ тІерхьиналде хвани, гьев чиясда сахІ тІалъуларо. ТІерхьун хадув хвани - тІалъула. Гьединго тІалъула бакъ тІерхьиналде гьабураб лъимадаги, тІерхьун хадуб гьабуни - тІалъуларо. ХІанафил мазгьабалда рекъон, гІарцудалъун бахъулеб бугони, тІадаб гІуж щола гІидалъул къоялъул рогьел баккаралдаса.

КІал биччаялъул закагІат бахъизе суннатаб ва бищун хирияб буго кІалбиччан къоялъул радал, гІидалъул как баледе. ГІидалъул какдаса хадуб закат бахъизе карагьатаб буго. ГІидалъул къоялъул бакъ тІерхьинегІан, гІузруги гьечІого, нахъ бахъизе хІарамаб буго.

### СахІ бахъиялъул тІалабал

Дагъистаналда, аслияб къагІидаялъ, ролъул сахІ бахъулелъул, ният гьадин гьабила: «Дица ният гьабуна (дидасанго яги дун вакил гьавурав пуланасдасан) кІал биччаялъул гІидалъул паризаяб сахІ бахъизе ТІадегІанав Аллагьасе.

**Вакил гьавулеб къагІида:** «Дица мун вакил гьавуна дидасаго кІал биччаялъул гІидалъул паризаяб сахІ бахъизе» - ян цояс абила. «Дица къабул гьабуна», - ян цогидас абила.

**ГІарац кьолеб бугони, имам ХІанафил мазгьабалда нахърилълъун ният гьабила:** «Дица ният гьабуна (дидасанго яги дун вакил гьавурав пуланасдаса) кІал биччаялъул гІидалъул паризаяб сахІил къимат кьезе Абу ХІанафил мазгьабалда нахъвилълъун ТІадегІанав Аллагьасе».

**Вакил гьавулеб къагІида:** «Дица мун вакил гьавуна дидасанго кІал биччаялъул гІидалъул паризаяб сахІил къимат кьезе», -ян цояс абила. «Дица къабул гьабуна», - ян цогидас абила.

Аварагасул (с.т.гІ.в.) хІадис буго: «Рамазаналъ ккураб кІал зобалдаги ракьалдаги гьоркьоб далун чІезабун букІуна, гьеб гьениса тІаде борхуларо кІалбиччаялъул сахІ бахъиялдалъун гурого», - ян (Абу ХІафис).

КІал кквей ва кІалбиччаялъул сахІ тІадаблъун гьабуна гьижрияб тарихалъул кІиабилеб соналъ. Гьеб тІад гьабиялъул хІикматги напс бацІцІалъи ва лъикІаб гІамал гьаби буго. Рамазан моцІалъул кІалазул ккараб жагъаллъи бацІцІинелъун бахъула закагІат-сахІги.

**Юсуп ХІажиев,** Агъвали мажгиталъул имам

ВагІзаялъул бакІалда

# Ккаралъуб бицараб берцинаб рагІи

**«Ширазалъул берциналъ дун къиралльун гьавуни,**

**Дица гьелъий кьелаан Самаркандгун Бухара…»**

ГІага - шагар гьединал жугьаби руго анцІила ункъабилеб къарнуялда вукІарав Ширазалдаса Хафизин абулев шагІирасул.

РагІун руго гьел рагІаби дунялго кодобе босизе къасдалда вукІарав рекъав Тимурида ва хІатталдаса ун ццидахун вуго гьев. Бокьаралъуса валагьун гьел жугьаби ургъарав чи жиндихъе щвезавеян буюрун буго гьес. Гьев вачІиналде боркьун, гьелегьинабун цІаги букІун буго. Вачун вачІун вуго Хафиз. АхІдон вугоха гьесде Тимур, гьалщинал биялги тІун, хІалхьезегІан гІадамалги гъурун дица рахъарал шагьарал Самаркандгун Бухара цо щияли лъаларей гІаданалъул кІветІалда бугеб тІанкІалъухъ кьелин абизе мун щив чийин кколеван. Гьединаб ихтияр лъицайин дуе кьураб. ГьабсагІат гьагъаб цІадавеги рехун, дица дур рахъу гьабилин.

Хафизица щибго хІалги хисичІого, гьимизеги гьимун, жинда тІад букІараб тІутІу - хъухъураб ретІелги бихьизабун, рахІму - цІоб лъаларев гьев чиясда абунила:

«Я, бетІерчІахъаяв ханзабазулги хан, гьединав сахаватав вукІинчІевани, дун гьадинав мискинав вукІинааниц, - илан.

Бицуна, гІумруялда жаниб тІоцебесеб нухалъ гьадаб къоялъ гьиманила рекъав Тимур. Гьединал гІадамал цІунизе кколилан, къали меседилги кьун, кІудияб адаб - хІурматалда витІанила гьес Хафиз нахъе…

**Пикраби:**

**Дунялалъул рокъоб ригьнал битІ ккарас**
**Доба Алжан гьари - мунагь букІуна.**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Метрада» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Наз-начено | Уточн. назнач. | Испол нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| **1** | НДФЛ | 43,0 | 43,0 | 42,2 | 98,1 |
| 2 | Земельный налог | 3,0 | 3,0 | 0,5 | 16,7 |
| **3** | Налог на имущества | 8,0 | 8,0 | 0,9 | 11,3 |
| **4** | Сельхоз налог | 0,0 | 0,0 | 0,6 | 0,6 |
| **5** | Прочие налоговые доходы | 25,0 | 25,0 | 25,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **79,0** | **79,0** | **69,2** | **87,6** |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 1540,0 | 2215,0 | 2215,0 | 100,0 |
| **2** | Субсидия | | 150,0 | 150,0 | 100,0 |
| **3** | Субвен. ВУС | 157,0 | 157,0 | 157,0 | 100,0 |
| | **Итого** | 1697,0 | 2372,0 | 2522,0 | 106,3 |
| | **Всего доходов** | 1776,0 | 2601,0 | 2591,2 | 99,6 |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| **1** | Аппарат | **1103,0** | **1103,0** | **1046,0** | 94,8 |
| | в т.ч. зарплата | 620,0 | 620,0 | 587,0 | 94,7 |
| **2** | ВУС | **157,0** | **157,0** | **157,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| **3** | ЖКХ | **503,0** | **1328,0** | **770,0** | 58,0 |
| | в т.ч. зарплата | | | | |
| **4** | ФК и спорт | 13,0 | 13,0 | | |
| | **Всего расходов** | 1776,0 | 2601,0 | 1973,0 | 75,9 |
| | в т.ч. зарплата | 738,0 | 738,0 | 705,0 | 95,5 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» М.Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» за 2024 год

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | **Испол-нение** | **% ис-полн.** |
| | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 48,0 | 48,0 | 29,8 | 62,1 |
| **2** | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 1,3 | 32,5 |
| **3** | Налог на имущества | 3,0 | 3,0 | 0,5 | 16,7 |
| **4** | Прочие налоги (неналоговые) | 55,0 | 55,0 | 55,0 | 100,0 |
| **5** | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 5,6 | 560,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **111,0** | **111,0** | **92,2** | **83,1** |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 2015,0 | 2015,0 | 2015,0 | 100,0 |
| **2** | Субвен. ВУС | 159,0 | 159,0 | 159,0 | 100,0 |
| | **Итого** | 2174,0 | 2174,0 | **2174,0** | **100,0** |
| | Всего доходов | 2285,0 | 2285,0 | **2266,2** | **99,2** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | 1129,2 | 1281,1 | **1281,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 620,0 | 704,2 | 704,2 | 100,0 |
| **2** | ВУС | 159,0 | 159,0 | **159,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| **3** | ЖКХ | 682,7 | 465,5 | **465,5** | 100,0 |
| **4** | Культура | 294,1 | 294,1 | **294,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 225,,9 | 225,9 | 225,9 | 100,0 |
| **5** | ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | **20,0** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2285,0** | **2219,7** | **2219,7** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 798,9 | 1048,1 | 1048,1 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Хваршинский» З. Бадрудинов**

## Отдел МВД РФ по району сообщает

### Уважаемые граждане Цумадинского района!

Органы внутренних дел призваны защищать права и свободы граждан, оперативно реагировать на любые тревоги и сигналы о происшествиях и преступлениях на территории района и за его пределами. Сообщаем, что существует определенный порядок приема и регистрации и разрешения заявлений и сообщений и иной информации об административных правонарушениях, преступлениях и происшествиях, а также обжалования действий сотрудников полиции и иных правоохранительных органов.

Поступившее от граждан в ОВД сообщение или заявление незамедлительно заносится в книгу учета сообщений о происшествиях и ему присваивается соответствующий регистрационный номер.

Поступающие сообщения граждан, вне зависимости от места и времени совершения преступления, а также полноты содержащихся в них сведений и формы их представления, круглосуточно принимаются в дежурной части ОВД района (телефон дежурной части 99-48-29, +7 963 410 52 51, +7999 418 5303), также на оператор местной связи 2-52-34 код (273). Сообщения принимаются и по единому номеру вызова экстренной помощи по телефону 112.

Для приема сообщений в электронной форме работает портал государственных услуг. Вне органов внутренних дел сообщения о происшествиях обязаны принимать любые сотрудники органов внутренних дел, которые действуют в соответствии с требованиями Закона РФ «О полиции». При этом сотрудник фиксирует сведения о заявителе. Письменное заявление может быть составлено заявителем в произвольной форме. Заявитель предупреждается об уголовной ответственности по статье 306 УК РФ за заведомо ложный донос.

Сотрудник ОВД, принявший сообщение, указывает в заявлении дату и время получения сообщения о происшествии, сведения о заявителе, а также свою фамилию, инициалы, должность и заверяет своей подписью.

Если происшествие не относится к компетенции ОВД или произошло на территории обслуживания другого ОВД, то все имеющиеся материалы после регистрации в книге учета сообщений в соответствии с законодательными и иными нормативно-правовыми актами РФ передаются по последственности или в суд (по делам частного обвинения). Одновременно принимаются необходимые меры по предотвращению правонарушения, а равно по сохранению следов правонарушения.

Если по результатам проверки усматриваются признаки состава преступления частного обвинения, то в соответствии с законодательными и иными нормативно-правовыми актами РФ заявление и материалы проверки с сопроводительным письмом направляются мировому судье (за исключением случаев выявления признаков состава преступления, предусмотренного статьей 115 «Умышленное причинение легкого вреда здоровью» или статьей 116 «Побои» УК РФ, когда лицо, подлежащее привлечению к ответственности, потерпевшему не известно).

Заявитель письменно информируется о принятом решении в течение суток с момента принятия решения. При этом заявителю разъясняются его право обжаловать данное решение и порядок его обжалования.

Если сообщение о происшествии поступило в ОВД при личном обращении заявителя, то одновременно с регистрацией сообщения в книге учета в дежурной части ОВД оперативный дежурный оформляет талон-уведомление и выдает его заявителю.

В случае отказа в приеме заявления о происшествии и его регистрации в дежурной части, заявитель имеет право обратиться к должностным лицам, осуществляющим контроль за своевременностью и полнотой регистрации.

А в случае несогласия с принятым решением по результатам рассмотрения сообщения, заявитель имеет право обжаловать решение в прокуратуру района, служебный телефон - 3-52-12 или по телефону горячей линии МВД России 98-48-48.

Сотрудники полиции всегда на страже правопорядка и готовы помочь гражданам в защите их законных прав и интересов.

**К.Абдулхаков,** начальник ОМВД России по Цумадинскому району, подполковник полиции

## Добровольная дактилоскопическая регистрация

Миграционный пункт ОМВД России по Цумадинскому району сообщает о возможности получения жителяминашего района (гражданами России, иностранными гражданами и лицами без гражданства) услуги добровольной дактилоскопической регистрации.

1. Заявителями являются:

1.1. Дееспособные и ограниченные в дееспособности граждане Российской Федерации, иностранныеграждане и лицабез гражданства, достигшие 18-летнего возраста[1].

1.2. Один из родителей, усыновителей, опекунов, попечителей гражданина, ограниченного в дееспособности, признанного недееспособным, или несовершеннолетнего, достигшего возраста шести лет, обратившийся с заявлением о предоставлении государственной услуги в отношении этого гражданина[2].

[1] Далее - «граждане», если не оговорено иное.

[2] Далее - «законный представитель».

2. Дактилоскопическая регистрация - это получение информации об особенностях строения папиллярных узоров пальцев рук человека и его личности. Цель проведения добровольной дактилоскопической регистрации - это защита интересов человека, обеспечение его законных прав, сохранности здоровья и безопасности.

Никто из нас не застрахован от опасных жизненных ситуаций, в которых необходимо установить личность человека и оказать ему помощь, и тогда может помочь имеющаяся дактилоскопическая информация. Таким категориям лиц, как люди преклонного возраста, недееспособные граждане, которые в силу состояния здоровья не могут назвать свои данные, адрес жительства, дактилоскопия просто необходима, она может помочь родственникам найти пропавшего члена семьи.

Человеку, прошедшему дактилоскопическую регистрацию, гарантировано установление личности при порче документов или других несчастных случаях.

Дактилоскопическая информация, полученная в результате проведения добровольной государственной дактилоскопической регистрации, используется для розыска пропавших без вести граждан РФ, установления по неопознанным трупам личности человека, подтверждения, а также установления личности граждан РФ, не способных по состоянию здоровья или возрасту сообщить данные о своей личности;

3. Предоставление государственной услуги включает в себя следующие административные процедуры:

3.1. Прием, регистрацию и рассмотрение заявления о предоставлении государственной услуги.

3.2. Получение дактилоскопической информации при проведении добровольной государственной дактилоскопической регистрации.

3.3. Внесение изменений в дактилоскопическую информацию о гражданине, прошедшем добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию.

3.4. Уничтожение дактилоскопической информации о гражданине, прошедшем добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию.

4. После проведения дактилоскопирования, заявителю выдается справка, имеющая одинаковый номер с учетным номером заявления и оформленная в произвольной форме на бланке территориального органа МВД России на районном уровне, подписанная начальником (заместителем начальника) уполномоченного структурного подразделения.

Одновременно со справкой по желанию заявителя выдается копия дактилоскопической карты либо распечатанная с помощью печатающего устройства (принтера) электронная дактилоскопическая карта, заверенная начальником (заместителем начальника) уполномоченного структурного подразделения.

Максимальный срок выполнения действия -15 минут.

**З.Магомеднабиев,** начальник МП ОМВД России по Цумадинскому району

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»**

**Тираж - 1276 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**МакъалабаздА рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугеб ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maIl.ru**